



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

**Pou Piblikasyon Imedyat:** 1ye jiyè 2013

**GOUVÈNÈ CUOMO SIYEN PWOJÈ-LWA POU KREYE NOUVO SANKSYON POU MOUN K AP VOYE TÈKS PANDAN Y AP KONDI POU JÈN CHOFÈ AK NOUVO CHOFÈ YO POU PWOTEJE NOUYÒKÈ YO SOU WOUT LA**

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te siyen yon pwojè-lwa ki kreye nouvo sanksyon pou moun k ap voye tèks pandan y ap kondi pou jèn chofè ak nouvo chofè yo pou pi byen pwoteje Nouyòkè yo sou wout la.

Gouvènè Cuomo di konsa, “Nouvo lwa jodi a voye yon mesaj pisan pou jèn chofè ak nouvo chofè nou yo k ap voye tèks pandan y ap kondi pou fè yo konnen nou p ap tolere sa isit la nan Eta New York. Estatistik apre statistik montre ki jan voye tèks pandan moun yo ap kondi se yon pwoblèm kwonik nan sosyete nou an, sitou pami adolesan yo, epi sa ap sèlman vin grav si nou pa pran mezi pou anpeche konpòtman danjere sa a. Se sa lwa sa a pral fè: l ap fè chofè tout laj reflechi de fwa anvan yo retire zye yo sou wout la pou reponn yon mesaj nan telefòn yo. L ap evite moun pèdi lavi yo epi l ap pi byen pwoteje tout moun k ap vwayaje sou wout yo ak otowout yo. Mwen di kamarad mwen yo ki nan Lejislati a mèsì pou aksyon rapid yo sou pwojè-lwa sa a. Ansanm, n ap fè kominote nou yo vin gen plis pwoteksyon pou tout moun.”

Pou kounye a, lisans pwovizwa ak lisans jinyò yo sispans pou 60 jou pou vyolasyon tankou twòp vitès, kondi yon fason neglijan, oswa swiv yon lòt veyikil dèyè twò pre. Lisans yo anile pou 6 mwa (pou lisans pwovizwa yo) oswa 60 jou (pou lisans jinyò yo) si gen yon lòt vyolasyon nan 6 mwa apre lisans vin valab ankò.

Nouvo lwa Gouvènè a siyen jodi a enpoze menm sanksyon yo sou chofè ki gen lisans pwovizwa ak lisans jinyò poutèt yo voye tèks pandan y ap kondi epitou poutèt yo itilize yon telefòn selilè manyèl yo resevwa kounye a pou twòp vitès ak kondi yon fason neglijan: sispansyon pou 60 jou pou premye kondanasyon yo ak anilasyon 60 jou (pou lisans jinyò yo) oswa 6 mwa (pou lisans pwovizwa yo) pou lòt kondanasyon nan 6 mwa tan yon lisans vin balad ankò apre sispansyon an. Sa anvigè imedyatman.

Senatè Carl Marcellino di konsa, “Imaj yon adolesan k ap fè anpil vitès pandan anpil èdtan epi k ap pale nan telefòn ap disparèt, epi l ap ranplase avèk imaj yon adolesan k ap di non pou voye tèks. Se dezyèm kalite pou jèn moun yo. Yo fè tout tan an epi lè jou a rive yo jwenn tout lisans chofè enpòtan, yo pa sispans. Estatistik yo chokan epi yo danjere, epitou yo kapab evite yo. Anba kalite dirijan Gouvènè

Haitian Creole

Cuomo, nou bay New York kèk nan lwa ki pi sevè sou voye tèks pandan moun ap kondi nan nasyon an. Mwen di li mèsè poutèt li travay san pran souf pou aplike lwa enpòtan sa a k ap sove lavi moun epi k ap trase yon egzanp pou lòt eta yo.”

Senatè Charles Fuschillo Jr. di konsa, “Obsesyon ak akoutimans itilizasyon telefòn selilè nan vwati yo menase lavi ak sekirite lòt chofè yo sou wout la; sa dwe sispann. Nouvo lwa a pral ranfòse mesaj ki te distrè fason moun yo kondi ki grav ak danjere epi objektif yon chofè ta dwe sou wout la, pa nan telefòn selilè li, lè yo dèyè volan an. Mwen kontan paske mwen te travay avèk Gouvènè Cuomo sou pwojè-lwa sa a, epi mwen bat bravo pou li poutèt li siyen pwojè-lwa a an lwa.”

Manm Asanble Edward Hennessey di konsa, “Voye tèks pandan moun ap kondi se yon pwoblèm grav ki gen enpak negatif pou twòp lavi moun. Mwen se papa de ti gason, poutèt sa mwen gen laperèz sa yo chak jou lè pitit mwen yo antre nan yon vwati. Nou bezwen tout chofè yo, sitou jèn chofè yo, pou yo konprann nenpòt mesaj yo panse yo bezwen li oswa voye kapab rete tann-lavi yo, ak lavi lòt moun yo depannde sa.”

Manm Asanble David Gantt di konsa, “Pwojè-lwa sa a Gouvènè a te mennen an ap fè voye tèks pandan moun ap kondi vin vyolasyon pou chofè ki pa gen eksperyans yo vin grav MENM JAN ak pou chofè k ap fè anpil vitès yo ak kondi avèk neglijan, rekonèt konpòtman riske sa a danjere menm jan tou. Nouvo lwa sa a ap bay plis sansibilizasyon epi l ap anpeche aksidan yo fèt. Mwen fyè pou sipòte nouvo lwa sa a pou nou kapab pi byen pwoteje Nouyòkè yo.”

Manm Asanble David Weprin di konsa, “Kòm yon defansè pasyone pou sekirite konsomatè ak chofè, sante ak sekirite tout Nouyòkè yo gen premye enpotans pou mwen. Mwen sipòte Pwojè-Lwa 7739 Asanble a tou paske aplikasyon lalwa sevèman kont moun k ap voye tèks pandan y ap kondi ap evite aksidan ki ka evite nan Eta New York.”

Siyati jodi a vini apre dènye mezi Gouvènè a te pran pou amelyore sekirite wout New York yo. Mwa pase, Gouvènè a te mande Depatman Veyikil-a-Motè (DMV) eta a pou aplike sanksyon ki pi sevè kont tout chofè k ap voye tèks pandan y ap kondi. Nan dat 1ye jen 2013, DMV te ogmante kantite pwen ki genyen kont yon dosye kondi yon moun depi moun nan kondane pou voye tèks pandan l ap kondi ak vyolasyon ki asosye avèk telefòn selilè ant twa pwen ak senk pwen.

Sipè-Entandan Lapolis Eta New York, Joseph D’Amico, di konsa, “Kantite aksidan ki asosye avèk chofè ki distrè te ogmante anpil, se sa ki fè lwa sa a gen anpil enpòtan. Lapolis Eta New York pran angajman pou redui kantite moun k ap kondi yon jan distrè nan yon efò ranfòsman ak edikasyon melanje. Lwa sa a pral ede anpeche chofè yo itilize telefòn selilè, sa k ap lakòz gen mwens aksidan, epitou sa pral ede sove lavi moun.”

John A. Corlett, Prezidan Komite Lejislatif pou AAA New York State, di konsa, “Lè Gouvènè Cuomo siyen pwojè-lwa sa a an lwa, li voye yon mesaj klè ba tout chofè ki nan eta a pou fè yo konnen nou p ap tolere moun k ap voye tèks pandan y ap kondi nan New York. Aksidan sikilasyon machin rete kòz prensipal

Haitian Creole

lanmò ak chòk pou adolesan yo, epi sondaj yo montre jèn chofè yo ak nouvo chofè yo voye tèks pi plis pandan y ap kondi. Konpòt riske ak egoyis sa a reprezante yon danje pou tout moun sou wout nou yo, epi AAA sipòte toutbon mwayen dekourajman an lwa sa a mete anplas. Mwen bat bravo pou Gouvènè Cuomo poutèt li te alatèt efò sa a, sa k ap ede asire atansyon chofè New York yo konsantre kote li ta dwe: sou wout la epi pa nan telefòn selilè yo.”

Ben Lieberman, Ko-Prezidan Ka Lanmò akòz Risk Operatè, ki te pèdi pitit gason li nan yon aksidan vwati, te patisipe nan siyati pwojè-lwa a jodi a.

Ben Lieberman di konsa, “Paske mwen te fè eksperyans konsekans grav yon chofè ki distrè te lakòz, mwen konnen ou pa bezwen yon etid akademik pou pwouve lè ou retire zye ou sou wout la sa vle di ou gen plis chans pou fè aksidan. Telefòn entèlijan yo gen fonksyon ki pi atiran pase anvan. Voye tèks pandan moun ap kondi ak lòt distraksyon sa yo danjere anpil, epi nou bezwen elimine konpòtman sa a, k ap kontinye lakòz moun mouri nan aksidan jou apre jou. Nouvo lwa Gouvènè Cuomo pral ede dekouraje abitud danjere sa a, epi mwen gen rekonesans pou efò li yo. Mwen bat bravo tou pou Lejislati a pou aksyon rapid yo fè sou pwojè-lwa sa a.”

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418